ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№33 (22.941) • 2015 гъэм мазаем (февралым) и 25, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Федченкэ Л. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы и къэралыгъэр зэтегъэуэвэнымрэ езым и щхьэкІэ къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 21-м
№25-УГ

Сэхъу В. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ абы и къэралыгъэр зэтегъэуэвэнымрэ езым и щхьэкІэ къаруушхуэ зэрырихьэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Сэхъу Владимир Къасболэт и къуэм**.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 21-м
№26-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Аппаратым и унафэщІым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Иджыпсту иІыгъ къулыкъур щхьэщыхауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Аппаратым и унафэщІу гъэувын **Касумов Сергей Гаджи и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 21-м
№27-УГ

• КъБР-м игъэтъапІэхэр

Федченкэ Людмилэ



Республикэм и бзылъхугъэ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ зы Федченкэ Людмилэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Кэнжэ къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Ар къуажэ школым щеджащ, иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физико-математикэ факультетыр къиухри, физикэмкІэ егъэджакІуэу школым кІуэ дыдэрэ щымылэжьауэ аспирантурэм кІуэри, ар 1966 гъэм къиухащ.

А илъэсым щегъэжьауэ Федченкэ Людмилэ и гъащІэ пор Налшык дэт къурш геофизикэ институтым пыщІауэ екІуэкІащ. Ар щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыщІэу, щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу, щІэныгъэлІ секретару, институтым и унафэщІым щІэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу щытащ.

Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и апэ, етІуанэ, ещанэ хэхыгъуэхэм я депутату, Парламентым РеспубликэмкІэ и Советым и УнафэщІым и къуэдзэу, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэу щытащ.

Ар географие щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Урысейм Естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием, Информатизацэмкіэ дунейпсо академием я академикщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэщ.

Федченкэ Людмилэ къыхуагъэфэщащ Гуащіэдэкі Бэракъ Плъыжьк орденыр, Зэнибжьэгъуэ орденыр, «И къару емыблэжу зэрылэжьам папщІэ» медалыр, щІыхь тхылъ зэмылІуэжьыгъуэхэр.

Сэхъу Владимир

Сэхъу Владимир Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм 1939 гъэм къыщалъхуащ. Абы 1963 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, 1980 гъэм КПСС-м и ЦК-м и деж Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ щыІа академиер къиухащ.

Инженер-ухуакІуэ Іэщіагъэр зригъэгъуэта нэужь, ар прорабу, инженеру «Къэббалъкъпромстрой» трестым щылэжьащ, дэзм къулыкъу щищІащ. ЗэфІэкІ зыбгъэдэль щІалэм гу къыльатэри, парт лэжьыгъэм хашащ икІи КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и инструктору илъэситІ хуэдизкІэ лэжьауэ, КъБР-м псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэу ягъэуващ.

Абдеж щегъэжьауэ Сэхъу Владимир жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ къулыкъу зыбжанэм пэрытащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрэм я Советым и УнафэщІым и къуэдзэу, КъБР-м и Къэрал планкомитетым и унафэщІу, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и секретару, етІуанэ секретару, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу, япэ къуэдзэу щытащ.

Сэхъу Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и етІуанэ, ещанэ хэхыгъуэхэм я депутату щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм и депутату хахри, Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэу лэжьащ.

И лэжьыгъэфІыр къалъытэри, Сэхъу Владимир къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапІэ куэд. Абыхэм ящыщ ЩІыхь орденыр, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ЩІыхь тхылъыр, «УФ-м и гъэзэгу хозяйствэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «УФ-м и Гидрометеорологие къулыкъущІапІэм пщІэ зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» цІэ лъапІэхэр, н.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм зыхуагъэхьэзыр

• Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыгъуасэ щыІащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергейрэ абы и къуэдзэ Музаев Анзорэ. Ахэр къызытекІуэкІыр 2015 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэрт.

- Иджы хуэдизу нэгъабэ дызэхуэсри, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрекІуэкІынур дубзыхуауэ щытащ, зыхуэдГъэувыжа къалэнхэми хъарзынэу дагъэпэщащ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий. - А Іуэхум хэта псоми фІыщІэ яхуэфащэц. Мы гъэми къыттпэщыльщ а къалэн дыдэхэр. Нэхъыщхьэращ, сабийхэм гуэрыдзэ едмыгъэщІу я щІэныгъэр тэмэму къыззрытхутэным дыхущІэкъун хуейбц. Дызэхъуэвэрэ ди къару псори абы ет-хьэпІэмэ, шэч хэлъкъым Іуэхум дызэрехъулІэнум.

2013 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм и хабзэр къызэпауду ди республикэм зэрыщекІуэкІам псальэмакъышхуэ къикІауэ щытащ. Абы ипкъ иткІэ 2014 гъэм экзаменхэр ирагъэкІуэкІащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и нэІэм ткІийуэ щІэту. Кравцов Сергей кІыхьигъэщащ нэгъабэ экзаменхэр зэрекІуэкІам арэзы къызэрищІар.

- Хабзэр къызэпамыду экзаменхэр зэрекІуэкІыр, сабийхэр я щІэныгъэкІэ ещанІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщІэтІысхьэфыр цІыхуэм щалъагъуэкІэ, абыхэм къэралым, егъэджэныгъэ Іэнатіэм хуэІэ щытыкІэм нэхъыфІкІэ зехъуэж, - жиІащ Кравцов Сергей. - ЕГЭ-р хьэрычэт Іуэхум хэзгъэкІуэныр къемыззгъащ. ІулъхьэкІэ зи сабийхэр ещанІэ нэхъыщхьэхэм щІэзыгъэтІысхьэкэр щоуэ. НыбжьыщІэм щІэныгъэ бгъэдэлъын хуейщ. ЕщанІэ щІэтІысхьэн папщІэ балл нэхъ мащІэ дыдэр къызыхуэмыхь сабийм къызэрыгуэкІ Іуэхугъуэхэр имышІэу аращ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр ныбжьыщІэм бгъэдэль щІэныгъэр и лъабжьэу лъэ быдэкІэ гъащІэм хэгъэуэзнырщ. Куэд мэтхъэусыхэ экзаменхэр гугъуу икІи мыгурыІуэгъуэ зэхэгъэувауэ жаІэу. Ар пэжкъым. Урысейм и хэгъуэгу псоми экзаменхэр зы жьпхъэм ИТ къыщызэгъэпэщащ. Школ программэм хэту ямыджэ экзаменым щрихьэлІэнукъым.

Адэкі Кравцовыр тепсэлъыхьащ экзаменхэр къызэрызэрагъэпэщыну щыкІэм. Нэгъабди хуэдэу, ЕГЭ-р щатыну ещанІэхэм видеокІэлъыплъыныгъэхэр щыІэнущ, экзаменхэр зэрызэхэт Іыхьэ щхьэхуэхэм ящыщхэр нэгъуэщІ щІыналъхъэм къыщащІыгъэнущ.

- Еджакіуэхэри адэ-анэхэри Іуэхум нэхъ кууэ хэгъэгъуэзапхъэщ, - жиІащ абы. - Сабийр еджамэ, абы и деж кІэ экзаменхэм шынагъуэ зэрыхэмылъыр, ещанІэ нэхъыщхьэ щІэтІысхьэнымкІэ Іэмал нэхъыбэ зэриІэр ягурыгъэІуэн хуейщ.

Кравцовыр къытеувыІащ ЕГЭ-м игъэта зэхъуэныгъэ нэхъыщхьэхэм Апхуэдизу математикэр щаткІэ, гуманитарнэ ещанІэхэм щІэтІысхьэнухэм я деж къыщащІыгъэнур а предметымкІэ къызэрыгуэкІыу ищІэн хуей Іуэхугъуэхэрщ. Ауэ ныбжьыщІэм кІыхьиха ещанІэр математикэм тегъэщІамэ, абыкІэ балл нэхъыбэ къызэрихьыным хущІэкъупхъащ. Урысыбзэр къапщтэмэ, школыр къызэриугъэмэщІэным теухуауэ.

Дызэрыщыгъуэзэщи, депутатхэм я улахуэхэр яхуэзыгъэувыр къэралым и Президентырщ. Апхуэдэ жэрдэмкІэ Путин Владимир зыщыхуагъэзэнур Къэрал Думэм и фракцэ псори абы арэзы техъуэмэщ.

«Дэ къыптпэщытщ 2015 гъэм и бюджетым дыхэплъэжыну икІи къыщыдэдгъахуэ хъуну щІыпІэхэм апхуэдэ Іэмалхэр къыщыдгъэсэбэпынущ. Апхуэдэуи дгъэмэщІэн хуейщ бюджетым щыщу Къэрал Думэм къыттекІуадэ ахъшэри. Пэжщ, абы и унафэр къэзыщтэнур Президентырщ, ауэ депутатхэр си Іуэху еплъыкІэм арэзы къытехъуэмэ, дэ абыкІэ Путиным зыхуэдгъэзэнущ», - жиІащ Нарышкиным.

Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентини диІыгащ Нарышкин Сергей къыхилъхьар.

«Къэралым щыІэгугъуэхэр псоми ди зэхуэдэу щытын хуейщ икІи Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэхэм ахэр къажьэхэмыуэу къэнэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ дгъэзэжащ Іэмал зыхуэдгъуэт хэщІыныгъэхэр. Псалъэм папщІэ, ди палатэм и депутатхэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ хамэ къэралхэм щыкІуэкІэ яхуэхъ ахъшэм и зэхуэдитІыр кІэрыдгъэхуащ. Къэрал Думэм къыщыхалъхьа Іуэхум дэ бэрэжьейм щхьэхуэу дытпэсэлъыхьынущ. ЖысІэнуращи, и чэзу хуэащ дриз дибгхэр нэхъ быдзу щІэткъуэзну», - къыхиригъэщащ Матвиенкэ.

Депутатхэм я улахуэхэр хуагъэмэщІэну къыхелъхьэ

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщі Нарышкин Сергей зэрыжиІамкІэ, депутатхэм Путин Владимир зыхуагъэзэнущ я процентыр 10-кІэ яхуиІэ.

Сноуден теухуа фильмыр щытокІуэ

ЦІыхухэр яфІэфІу зыкІэлъплъ щэнхабзэ зэхуэсышхуэхэм ящыщщ США-м и киноакадемием и саугъэт нэхъыщхьэ «Оскар»-р щатыр. Ар сыт щыгъуи дахэу, удихьэхыну къызэрагъэпэщикІи ирагъэкІуэкІ.

Илъэс къэси абы иращІэкІ даудэпащхэм нэхъ яфІэгъэщІагъуэну зыгуэр къыхаГъэщ. Мыгъэрей зэхуэсми къыхэкІащ апхуэдэ - щыныгуГъуэ Іэгуаузшхуэ хуэІэтащ «Гражданин 4» зыфІаща документальнэ фильмым, а номинацэм щытекІуауэ къальытам. Ар зытеухуар дуней псом цІэрыІуэ щыхьуа Сноуден Эдвардщ, Штат Зэгуэтхэм я щхьурылажьэ Іуэхущ ІанІэхэм зэхащІыхьхэр хэІущІыкІ зыщІащІарщ.

Сноуден хуейтэкъым а фильмыр трахыну, абы кърикІуэнкІэ хъунум иригъавэрти. Ауэ режиссёр Пойтрас Лорэ щытригъэчыныхьым, арэзы техъуащ. «Оскар» саугъэтыр фильмым къыхуагъэфэщащэ щыхэзхыкІ, и гур къыззрыгуэтыжащ.

«Сэ сыщогугъ а саугъэт лъапІэр фильмым къызэрыхуагъэфэщар абы цІыху нэхъыбэ еплъыным сэбэп хуэхъуну. Иджы цІыхухэм къагурыІуэнущ, езыхэр зэкъуэту абы яужь итмэ, дунейр нэхъыфІ зэрахуэщІынур», - жиІащ Сноуден. Фильмым елэжьа гупым абы фІыщІэ хуащІащ къыкъуэкІа лыгъэм папщІэ.

Хэкум епцІыжауэ ягъэхъуаншэ Сноуден теухуа лэжьыгъэм апхуэдэпщІэ зэрригъэтар зи гуапэ мыхъуа куэд США-м зэрыщыпсэуми шэч хэлъхьым, ауэ Эдвард ича лъэбакъэм дуней псом и деж кІэ мыхьэнэм и инагъыр абы игъэмащІэрэ къым.

НІОБІЭ

♦1946 гъэм Дзэ Плъыжьым зэреджэр Советыдзэу зэрахъуэкІащ.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и ипэ ректор **Бэрбэч Хьэтіытіэ** къызэралъхуэр илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІуэкІуэ Джэмалдин** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьа (2009 - 2012 гъгъ.), ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Ажахъуэ Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэс тІэкІу къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Москва и лЫкІуэр ди цІыхухэм яхуозэ

Урысей Федерацэм и Президентым пщэрылъ къызэрыщищІам тету, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и къуэдзэ Ведерников Михаил мазаем и 20-м Налшык щахуэзащ зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм. Абы щыІуауэ КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор Вербицкий Алексей, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къуэдзэ - узынщагъэр хъумэнымкІэ министр Шэт Ирмэ, лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр Тюбеев Альберт сымэ.

Ведерников Михаил ядэІэпыкъуну къелъэІуащ Налшык щыщ цІыхубзитІ. Абыхэм языныкъэм и закъуэ бынипІ епІ, унагъуэр щыпсэун яІэкъыми, пщІэкІэ фэтэр къащтэу аращ. ЕтІуанэ цІыхубзым и унэри хьэпшыпу иІари мафІэм исащ. Абыхэм я Іуэхур зэхагъэкІа нэужь, унафэ ящІащ цІыхубзитІми ахъшэкІэ ядэІэпыкъуну. Ведерников Михаил КъБР-м и къэрал властым зыхуэфащэ и органхэм зэман пыуыкІам ирихьэлІэу зэфІагъэкІыпхъэ къалэнхэр яхуигъэуващ.

БОЛЭТ Наталье.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Хэкум и хъумакІуэм и махуэм МафІэ мыужьыхым деж удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ

Къэралым и адрей щІыналъэхэми хуэдэу, мазаем и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, къэралыр зыхъумахэм я фэеплъым пщІэ хуищу Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэм ит МафІэ мыужьыхым деж удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ.

ЗАУЭПІ щІыхьым и къалэ Налшык Хэку зауэшхуэм и тхьдэм къыхэнащ Кавказыр яхъумэу зауэ гуащІэхэр щекІуэкІа щІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщу. ТекІуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм ящыщу республикэм и щхьэрым щІэпсэужьыр цІыху 203-рэщ, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым - цІыху 400-щ.

КъызэхуэсахэмкІэ МафІэ мыужьыхым и деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъри, зауэм хэкІуэдахэм яхуэщыгъуащ.

ЛІыгъэм, хахуагъэм, дэтхэнэ зы цІыхухъуми и къалэн лъапІэхэм ятеухуауэ щытащ Зауэм, Лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіэуэздэ Къаруэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ Абдуллаев Мустэфа и псалъэхэр.

Налшык къалэм щыІэ МафІэ мыужьыхым и деж удз гъэгъахэр щагъэтІылъым кърихьэлІащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я унафэщІхэр, къулыкъущІхэр, ветеран, жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

Мазаем и 23-м и пщыхьэщхьэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и щІыхькІэ Налшык хьэрэкІытІэхэр щыдрагъэльэтеящ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Газетхэмрэ журналхэмрэ хъезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къагъэхьыну ящыныкъуэ газетхэмрэ журналхэмрэ я уасэхэм хуКІэрагъэхунущ мазаем и 25-м щегъэжьауэ гъатхэпэм и 7-м нэсыху абыхэм Іэ щІэзыдэхэм. Абы папщІэ республикэм связымкІэ и дэтхэнэ Іуэхущ ІапІэмэ фекІуалІэ хъунущ.

Федеральнэ пощт Іуэхущ ІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым и Iэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэхэм папщIэ къэрал саугъэтхэр тыным теухуа Iэмалхэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ **унафэ сощI:**

1. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэту тIу щыгъэувын, дэтхэнэри сом мелуан зырыз хъуу, икIи 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ ахэр ильэсиц къэс зэ тын.

2. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуа Положенэр къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж къыщызэгъэпэщын ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувынымкIэ Совет.

4. Къэщтэн:

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым и Положенэр;

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым хэтхэр.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ Комиссэр зэбгрыуIпащыкIыжын.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым (адэкIэ - Къэрал саугъэт) и лауреатым и дамыгъэ лъапIэр, апхуэдэу Къэрал саугъэтым и лауреатым и дамыгъэ лъапIэм щыхьэт техъуэ удостоверенэмрэ Къэрал саугъэтым и лауреатым и дипломымрэ зэрыщытынухэм, абыхэм яIэну тепльэхэр зыхуэдэнум елэжьын икIи кьащтэн пащIэ кьигъэльэгъуэн;

Къэрал саугъэтыр гъэувыным, апхуэдэу ар тыным текIуэдэну мыльку Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхигъэкIын.

7. Къару имыIэжу кьэльытэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэм я Iэужкъ» 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкIа Указым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ Комиссэм хэтхэр кьэщтэным и Iэужкъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм гъатхэпэм и 31-м къыдигъэкIа Указ №38-УП-м;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэм я Iэужкъ» 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкIа Указым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ Комиссэм хэтхэр кьэщтэным и Iэужкъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа Указ №96-УГ-м.

8. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза мазухэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык кьалэ
2015 гъэм щIышылэм и 26-м
№11-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №11-УГ-мкIэ кьащтащ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуа

ПОЛОЖЕНЭ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтыр (адэкIэ - Къэрал саугъэт) щIэныгъэ лэжьакIуэхэм жылагъуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я пащхьэм щалэ фIыщIэхэм я щыхьэт лъагэщ.

Къэрал саугъэту тIу илъэсиц къэс зэ ят.

2. Къэрал саугъэтыр хуагъэфащэ:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ ехъулIэныгъэм хуэлажьэу, гуманитар, естественнэ, техникэ щIэныгъэхэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм;

иджырей дунейпсо мардэхэм хуэкIуэ, щIыуэпсыр хьумэныфэ экологие и лъэныкъуэкIэ кьабзагъэ зыпылъ технологиехэмрэ техникэмрэ, материал, машинэ, механизм пэрытхэр кьэзыгупсыеу абыхэм елэжьахэм икIи гъащIэм хэзыщIащхэм;

щIэныгъэмрэ техникэмрэ я Iэмал пэрытхэр я лъабжьэу, производствэм екъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьажхэм икIи фIагъ лъагэ зиIэ продукцэ кьыщIэзыгъэкIахэм.

3. Къэрал саугъэтыр зытыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэрщ.

Къэрал саугъэтыр зэтыпхэр егъэлъагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувынымкIэ щыIэ Советым (адэкIэ - Совет).

4. Къэрал саугъэтым хохьэ ахъшэ тыгъэ, Къэрал саугъэтым и лауреатым и дипломрэ щIыхь дамыгъэрэ, абы щыхьэт техъуэ тхылъ.

5. Къэрал саугъэтыр зыхуэгъэпсар зы цIыхуц икIи зратыр, зэрыхабзэщи, ягъэлъэгъуахэм ящыщу зы цIыхурщ. ЗыIэрагъэхьа екъулIэныгъэм цIыхуу зыбжанэм я гуащIэ ин хэлъмэ, Къэрал саугъэтыр цIыхуиц нэхъыбэрэ мыкIэхьбэ гупым ират. Абы щыгъуэм ахъшэ тыгъэр зэхуэдэу траугъашэ Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ лауреатхэм, ауэ диплому, щIыхь дамыгъэу, удостоверенэу зырыз ират лауреатхэм ящыщ дэтхэнэми.

ЕхъулIэныгъэщIэ кьыззрымыкIуэхэр аргуэру зыIэрызыгъэхьэ лауреатхэм Къэрал саугъэтыр иратынкIэ хъунущ кьытрагъаззу.

Къэрал саугъэтыр епт хъуну кьалыIтэу кьагъэлъэгъуарабытеухуа унафэр кьамыщтэ щIыкIэ дунейм ехьжкамэ, ар а цIыхум хуагъэфащэ хъунущ. Къэрал саугъэтым щIыгъу дипломымрэ щIыхь дамыгъэмрэ лIам и унагъуэм фэеплъу иратыж, ауэ ахъшэ тыгъэр, Урысей Федерацэм и хабзэм икIи иткIэ, абы и щIэныр кьызыхуигъэнам Iэрагъэхьэ.

Къэрал саугъэтхэр зратыну ягъэлъагъуэхэм ахэр зыхуэфащэ яхэмытмэ е ягъэлъэгъуахэм я бжыгъэр ятыпхэ Къэрал саугъэтхэм нэхъри нэхъ мащIэ хъумэ, Къэрал саугъэтхэр ятыркьым е бжыгъэ нэхъ мащIэу ят.

6. Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфаща цIыхухэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэт» щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я Къэрал саугъэт» щIэныгъэ лэжьакIуэхэм жылагъуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр щыгъэувынымкIэ щыIэ Советым и Положенэм;

Къэрал саугъэтым и лауреатым и дипломыр, щIыхь дамыгъэр е абы щыхьэт техъуэ удостоверенэр зыфIэкIуэдахэм Советым и унафэщIэ щIэрыщIэу иратыж абыхэм я дубликатхэр.

8. Къэрал саугъэтхэр зыхуэфащэу къалъытэхэм я кандидатурэхэр къагъэлъагъуэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я Iэужщ щIэныгъэ лэжьакIуэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ е нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм.

9. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу къалъытэхэм я кандидатурэр (кандидатурэхэр) зыгъэлъагъуэм тхылъ егъэхьэзыр, абы и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр, къыщалъэуа мазиер, илъэсыр, щIыпIэр, щыпсэу хэщIапIэр, зыщыщ къэралыр, щылажьэ Iэужщ щIапIэр е зэлажь Iужкур, щIэныгъэ степеныр, щIэныгъэцIэр, щIыхьыщIэр (ахэр иIэмэ), мы Положенэм и 2-нэ пунктым къыззрыщыгъэлъэгъуам икIи иткIэ, щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр, апхуэдэуи и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр кьыззэралъытам щыхьэт техъуэу итхкIэ кьыхуагъэфэщащэу щыта саугъэтхэм, тыгъэхэм, нэгъуэщI дамыгъэхэм ятеухуа хьыбархэр иту.

А тхылъым дыщIыгъупхъэщ Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм и къалэмыпэм кьыпыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэу хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ е нэгъуэщI IэмалхэмкIэ хэIущIыIу хъуахэр.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа апхуэдэ тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ Советым ягъэхь икIи ахэр щегъэтхпхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм.

10. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа апхуэдэ тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ щат зэманыр, апхуэдэу ахэр зэрагъэхьэзыр мардэхэр Советым еубзыху. Ар, Къэрал саугъэтэр зыхуэфащэхэу ягъэлъагъуэхэм я дафтэрхэр Iахьи зэрыщIадзам теухуа хьыбарегъащIэм щIигъуу, газетхэм традзэ.

11. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа апхуэдэ тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ нэсу зэIухуэу щымыт хьыбар ярытмэ, абы хоплъэ, Урысей Федерацэм апхуэдэ хьыбархэм епхауэ щIэ хабзэхэм япкъ иткIэ.

12. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа апхуэдэ тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ кьеIыхьи яуха нэужь, Советыр абыхэм яхоплъэ, мы Положенэм къигъуэв мардэхэмрэ хабзэхэмрэ кьеэзгъыу зэрызэхагъэувар кьипщытэу.

13. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр мы Положенэм и 2-нэ пунктым къыззрыщыгъэлъэгъуам зэрыкуэкIуэр кьипщытэн мурадкIэ, Советым Iужум кьришэлэнкIэ хъунущ эксперт зэгухьэныгъэхэр е эксперт щхьэхуэ.

14. Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм иретыж гуфIэгъуэ щытыкIэм иту.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №11-УГ-мкIэ кьащтащ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым и Положенэм

ПОЛОЖЕНЭ

1. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советыр (адэкIэ - Совет) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтыр (адэкIэ - Къэрал саугъэт) зэтыпхъэхэм хэплъэн папщIэ.

2. Советым мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэзащIэ:

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ хоплъэ, абыхэм я экспертизэ кьызэрегъэпэщ;

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьилъытэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэлъагъуэ.

3. Советыр хуитщ:

Яубзыху хабзэм тету, зыхуеину хьыбархэмрэ тхылъхэмрэ кьаIихыну щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэмрэ Iужущ Iапи хэмрэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ е нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм;

къэрал властым и органхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Советым и лэжьыгъэм кьришэлIэну;

яубзыху хабзэм тету, аналитикэ икIи эксперт лэжьыгъэхэр зэфIигъэкIын папщIэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ зэгухьэныгъэхэр, апхуэдэуи щIэныгъэлIэмрэ IэущагъэлIэмрэ Iужум кьришэлIэну, зэгурыIуэныгъэр зи лъабжьэхэри яхуту.

4. Советым хохьэ Советым и унафэщIыр, абы кьуэдзэхэр, секретарыр, Советым хэтхэр. Советым хэтхэм я джкIэ ар жылагъуэ лэжьыгъэщ.

Советым хэтыфынущ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Советым хэтхэр кьэзыщтэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэращ.

5. Советым и зэхуэсхэр ирегъэкIуэкI Советым и унафэщIым е абы и унафэкIэ - и къуэдзэхэм ящыщ зым.

Советым и зэхуэсым кьару иIэу кьалъытэ, абы Советым хэтхэм я Iыхьэ щанитI нэхъ мащIэ кьрихьэлIамэ.

6. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэхэм ятеухуа тхылъымрэ абыхэм я гуэдзэнэхэмрэ хуиту, зэIухуэу щыхоплъэ Советым, Iужу еплъыкIэхэмкIэ зэдзэгуашэу. Советым хэт дэтхэнэри хуитщ езым и еплъыкIэр кьиIуэтэну.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэхэр Советым и зэхуэсым наIуэ кьыщащI Iэлэткlэ.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэхэр Советым и зэхуэсым кьрихьэлIахэм я Iыхьэ щанитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм Iэ зыхуаIэтахэрщ.

Советым и зэхуэсым кьрихьэлIахэм я Iыхьэ щанитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм Iэ зыхуаIэтахэм я бжыгъэр Къэрал саугъэту щыIэхэм я бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэмэ, Iэлэтыр етIуанэу ирагъэкIуэкIыж. Абдежым Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэр Iэ нэхъыбэ зыхуаIэтахэрщ.

Советым и унафэр протоколым иратэкIи, Советым и зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ щIедзыж. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьилъытэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэлъагъуэ.

7. Советым и лэжьыгъэр кьызэхуэтыншэу кьызэрегъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министерствэм.

Лэжьыгъэр зэфIэхымтмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреатым и дипломыр, дамыгъэ лъапIэр, абы щыхьэт техъуэ удостоверенэр, абыхэм я дубликатхэр, апхуэдэуи Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэм етыжыным пыщIахэр кьызэрэгъэпэщыным епха финанс, мыльку-техникэ Iужуэхэр кьызэрегъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iужуэхэр зезыгъакIуэ Управленэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэм я Iужуэхэр» 2002 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м къыдигъэкIа Указ №51-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал саугъэтхэмкIэ и Положенэм и Iужуэхэр» а УказымкIэ кьащтам» зэхуэхьэныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №97-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ Комиссэм и Iужуэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щIышылэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №98-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтхэмкIэ щыIэ Комиссэм хэтхэр кьэщтэным и Iужуэхэр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыдигъэкIа Указ №96-УГ-м.

8. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу кьыщытрадза мазухэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык кьалэ
2015 гъэм щIышылэм и 26-м
№11-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа и Указ №11-УГ-мкIэ кьащтащ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым и Iужуэхэр

ПОЛОЖЕНЭ

1. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советыр (адэкIэ - Совет) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтыр (адэкIэ - Къэрал саугъэт) зэтыпхъэхэм хэплъэн папщIэ.

2. Советым мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр егъэзащIэ:

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ щат зэманыр, апхуэдэу ахэр зэрагъэхьэзыр мардэхэр Советым еубзыху.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэм теухуа апхуэдэ тхылъымрэ абы и гуэдзэнэхэмрэ хоплъэ, абыхэм я экспертизэ кьызэрегъэпэщ;

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьилъытэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэлъагъуэ.

3. Советыр хуитщ:

Яубзыху хабзэм тету, зыхуеину хьыбархэмрэ тхылъхэмрэ кьаIихыну щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэмрэ Iужущ Iапи хэмрэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ е нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм;

къэрал властым и органхэм, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр Советым и лэжьыгъэм кьришэлIэну;

яубзыху хабзэм тету, аналитикэ икIи эксперт лэжьыгъэхэр зэфIигъэкIын папщIэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ зэгухьэныгъэхэр, апхуэдэуи щIэныгъэлIэмрэ IэущагъэлIэмрэ Iужум кьришэлIэну, зэгурыIуэныгъэр зи лъабжьэхэри яхуту.

4. Советым хохьэ Советым и унафэщIыр, абы кьуэдзэхэр, секретарыр, Советым хэтхэр. Советым хэтхэм я джкIэ ар жылагъуэ лэжьыгъэщ.

Советым хэтыфынущ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, къэрал властым и органхэм, щIыпIэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Советым хэтхэр кьэзыщтэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэращ.

5. Советым и зэхуэсхэр ирегъэкIуэкI Советым и унафэщIым е абы и унафэкIэ - и къуэдзэхэм ящыщ зым.

Советым и зэхуэсым кьару иIэу кьалъытэ, абы Советым хэтхэм я Iыхьэ щанитI нэхърэ мынэхъ мащIэ кьрихьэлIамэ.

6. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу ягъэлъагъуэхэм ятеухуа тхылъымрэ абыхэм я гуэдзэнэхэмрэ хуиту, зэIухуэу щыхоплъэ Советым, Iужу еплъыкIэхэмкIэ зэдзэгуашэу. Советым хэт дэтхэнэри хуитщ езым и еплъыкIэр кьиIуэтэну.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэхэр Советым и зэхуэсым наIуэ кьыщащI Iэлэткlэ.

Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэхэр Советым и зэхуэсым кьрихьэлIахэм я Iыхьэ щанитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм Iэ зыхуаIэтахэрщ.

Советым и зэхуэсым кьрихьэлIахэм я Iыхьэ щанитIым нэхърэ мынэхъ мащIэм Iэ зыхуаIэтахэм я бжыгъэр Къэрал саугъэту щыIэхэм я бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэмэ, Iэлэтыр етIуанэу ирагъэкIуэкIыж. Абдежым Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьалъытэр Iэ нэхъыбэ зыхуаIэтахэрщ.

Советым и унафэр протоколым иратэкIи, Советым и зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ щIедзыж. Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэу кьилъытэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэлъагъуэ.

7. Советым и лэжьыгъэр кьызэхуэтыншэу кьызэрегъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министерствэм.

Лэжьыгъэр зэфIэхымтмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреатым и дипломыр, дамыгъэ лъапIэр, абы щыхьэт техъуэ удостоверенэр, абыхэм я дубликатхэр, апхуэдэуи Къэрал саугъэтыр зыхуэфащэм етыжыным пыщIахэр кьызэрэгъэпэщыным епха финанс, мыльку-техникэ Iужуэхэр кьызэрегъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Iужуэхэр зезыгъакIуэ Управленэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №11-УГ-мкIэ кьащтащ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтыр щыгъэувыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым

ХЭТХЭР

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министрыр *(Советым и унафэщIыр)*

Малкандуев Ю. А. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи щIэныгъэ, инноваци лэжьыгъэмкIэ и проректор *(Советым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщым и къуэдзэр *(Советым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Азычэ С. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Берычэт А. С. - «Телемеханика» технопаркым и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэр, зи жэуаплныныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа «Теплосервис» щIэныгъэ-производственнэ Iужущ Iапи м и генеральнэ унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бесчокъуэ Р. М. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м щIэныгъэ, инноваци лэжьыгъэмкIэ и проректор *(зэгурыIуауэ)*

Гуэбэшы З. Дж. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

Дзэмыхь Къ. фI. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи щIэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджещагъыр

Иуан П. М. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ федеральнэ бюджет Iужущ Iапи щIэныгъэ центрым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ бюджет Iужущ Iапи м и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Тапасханов В. О. - Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъ Федеральнэ кьулыкъущIапи и Iыгъ-лъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м и унафэщыр *(зэгурыIуауэ)*

Iуста Дж. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(Советым и секретарщ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм щIышылэм и 26-м къыдигъэкIа и Указ №11-УГ-мкIэ кьащтащ

ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я IэнатIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал саугъэтым и Iэтащхьэм и деж щыIэ Советым

ХЭТХЭР

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министрыр *(Советым и унафэщIыр)*

Малкандуев Ю. А. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м щIэныгъэ, инноваци лэжьыгъэмкIэ и проректор *(Советым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщым и къуэдзэр *(Советым и унафэщым и къуэдзэщ, зэгурыIуауэ)*

Азычэ С. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Берычэт А. С. - «Телемеханика» технопаркым и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэр, зи жэуаплныныгъэр зэхэгъэщхьэхукIа «Теплосервис» щIэныгъэ-производственнэ Iужущ Iапи м и генеральнэ унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бесчокъуэ Р. М. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м щIэныгъэ, инноваци лэжьыгъэмкIэ и проректор *(зэгурыIуауэ)*

Гуэбэшы З. Дж. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр

Дзэмыхь Къ. фI. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м щIэныгъэ центрым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджещагъыр

Иуан П. М. - Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ федеральнэ бюджет Iужущ Iапи м щIэныгъэ центрым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ бюджет Iужущ Iапи м и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IужуэхэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Тапасханов В. О. - Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлъыплъ Федеральнэ кьулыкъущIапи и Iыгъ-лъагэ геофизикэ институт» федеральнэ къэрал бюджет Iужущ Iапи м и унафэщыр *(зэгурыIуауэ)*

Iуста Дж. А. - Къэ

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Хэкум гуэзэвэгъуэ къыщыхукъуэкІым

Мэкъуауэгъуэм (июньм) и 22-м къэхъея зауэ гущІэгъуншэм, адрейхэми хуэдэу, гуІэгъуэ куэд къахуихьащ къэхъундэсхэми. Аеэр зылІ и быну бий хьэщхьэрыІуэм пэщІэзуваш икІи хэти фронтым, хэти тылым я пси, я къаруи щемыблэжу текІуэныгъэр къагъэблэгъащ. ЖыпІэну урикъунщ Хэкур яхъумэжыну зауэм дэкІа цІыху 350-м щІигъум ящыщу 218-м къызэрамыгъэзэжар.

ЛІЫГЪЭРЭ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу бийр зэтракъутащ Къэхъун дэкІа куэдым. Уэрэдхэр хуаусат, усэхэр хуэзэхальхьат фашисти 125-рэ зэтезыкІа снайпер Іэзэ Жамборэ Щэуал. Абы Зауэ Бэракъ Плъыжь ордену тІу кьыхуагъэфэщат. Берычэт Сэрэбий и бгъэр игъэщІращІэрт Хэку зауэ орденым и II нагъыщэм, ЩІыхь орденым и III нагъыщэм, зауэм кьыщихьа медалитхум. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медалиплІрэ кьратат тІасхъэщІэх хахуэ КІэш Хьэту. Кьарэ Мусэ, Семэн Нэіиб, Шьыбзыхьэхэ Гъумар, Хьэсэн, Чэлимэт, Щащ Мухьэжыр, Кьардэн Іэдил, НэщІэпыджэ Атхъэм, Абаза Хьусен, Бэрэздж Іэдил, Жьласэ Хьэжджэрий, Борий Жантемыр, Тэхъу Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжмурид, Жэмыхъуэ Илья, Такъ Аскэрхъан, Понэж Мэчрэіил сымэ, нэгъущІэмэ орденхэмрэ медалхэмрэ я лІыгъэм тхьапІэ.

Зауэ кьыщыхъукІэ, псэ куэд хокІуадэ, ар узыдІэмыкІыфым Іуэхугъуэ. Ауэ гуІэгъуэ тІуащІэ-щащІэ мэхъу зэкъуэш зыбжанэм абы я щхьэр щыхалъхьэм деж. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм хэкІуэдащ я кьару илъагъуэрэ я дахэгъуэу Жамборэ Хьэмид и кьуиплІыр - Джэху, Тобий, Мухьэмэд, Кьэралбий. Я кьуэ щырыщ яфІэкІэуэдащ Кьандэхъу ЦІыкІурэ, Хьэхъупащ ІІуГІ, Шьбзыхьуэ Батокъуэ сымэ я унагъуэхэм. Абыхэми, адрей кьэзымыгъэзэжа псоми я цІэ- унэцІэхэр тету Къэхъун фэеплъ сын щагъэувауэ щытащ Текіуэныгъэ Иныр кьэзэрахьрэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлІэу.

Кьуажэм кьыдэна лІыжь-фызыжьхэр, цІыхубзхэр, ныбжьыщІэхэр жэщ-махуэ жамыІэу губгъуэм итт, фронтым Іутхэр ерыскъыкІэ кьызэрагъэпэщу. 1941 гъэм Къэхъуным ГъавэІ бэв къыщагъэкІащ икІи хэкІуэдыкІыншэу кьрахьэлІэжри, кьэралым и гуэным иракІутащ. КьищынэмыщІауэ, кьэхъундэс куэд Къэрэгъэш дзеи щІыпІым щыІащ. Кьуажэ Советым и унафэщІу абы щыгъуэм щыта Тхьэзэпль Елдар зи унафэщІу мы кьуажэм икІа бригадэм фашист танккэр кьІэзэтеІэуэбыІэ кІэнаеуэхэр метриплІ и бгъуагъыу метриш и кууагъыу, ди зауэлІэхэм папщІэ окопхэр, дотхэр, дзотхэр Тэрч щІыналъэм щиуяащ. ГъащІэдэкІ лэжьыгъэм щыпэрытхэт Мамыкъу Къэралхэн, Нэзэр Пащэ, Берычэт Баблинэ, Нэщ1эпыджэ ФатІимэт, Тхьэгъэлэдж Таун сымэ, нэгъущІэхэри. Нэхъыбэу щылажьэр жэщрат, сыту жьІэпмэ махуэм нэмыщІэ къуэхьлъатэхэм лагъымхэр кьыхадзэрт, топкІэ кьаехуэрт.

Зауэм и пэщІэдзэм КъэхъунЖурт лъэпкъым щыщ гупышхуэ кьэкІуащ, ебгъэрыкІуэ зэпыт фашистыдзэм зыщахьымэу. Абыхэми, иужькІэ нэгъущІ щІыпІэхэм кьикІа куэдми дэІэпыкъуныгъэ, псэупІэ, щыгъэн, ерыскъы, лэжьыгъэ мыбы щагъэуэтащ.

Бийр гъунэгъу кьыщыхъум колхоз Іэщым и нэхъыбэр кьуршым зэпрахури Куржым (Грузием) щагъэпщкІуащ. Кьуажэ администрацэм и дэфтэрхэр зэуІу ящІри щІатІащ.

Ди щІыпІэм кьыщызэрагъэпэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъар шуудзэм къэхъундэсхэр мыльКукІи, шыкІи, цІыхукІи жьыдэру хэтащ. Абы щыщ сэлэтхэм зыщагъэсащ Къэхъун кьуажэм. 115-нэ шу дивизэм хэту лІыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Кьардэн Хьэмзэт, Кьамбэчокъуэ Алий, Езий Кушыку, Берычэт Нурхьэлий, Лъэпщокъуэ Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжжьасым сымэ.

Къэбэрдей шууейхэр дэкІыжа иужькІэ 1942 гъэм и щыщхьэуІум (августым) кьуажэм полковник Силагадзе Ираклий зи унафэщІ 392-нэ куржы фочауэ дивизэр кьыдэтІысхьащ. Абы Къэхъунрэ Докшукинэ станцымрэ (иджы Нарткъалэ) псэемыблэжу яхъумащ икІи куэдым я псэр ятащ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ мыбы щыщІалъхьащ икІи я фэеплъ сын ягъэувауэ нобэми кьуажэкум итщ.

1942 гъэм и жэпуэгъэм (октябрьм) и 25-м щегъэжьауэ 1943 гъэм и щІышылэм (январьм) и 3 пщІондэ зэрыпхъуакІуэхэм Къэхъун яІэщІэлъащ. Биидзэм нэхъыбэу хэтыр румынхэрт. Арауэ кьыщыІукІынущ хьэжІэкъуэкІагъэ куэд щІыІэзрамыхьари. Арщхьэкіэ унафэр зыІэщІэлъ офицерхэр кьэнэ щІагъуэ щымыІэу нэмыщІт.

Кьыдыхьэным махуэ зыбгъупщІи иІэжу щІадзэри, кьуажэм кьхъулъатэхэмкІэ лагъымхэр кьыдадзэу, топкІэ кьыдэуэу фашистхэр щытащ. Абыхэм я зэранкІэ хэкІуэдащ Жамборэ ХьэтІохъуащкьуэ, Хьэхъупащ1э Жанзилэт и сабийр и гъусэу.

Кьэхъуныр зэраубыду, фашистхэм зэхуэс ящІри, кьуажэ унафэщІхэр храгъэхащ. Ахэр цІыху пщыкІуэ хьурт. Колхоз мыльКумрэ щІымрэ зыгуэшыжыну комиссэ кьызэрагъэпэщри, щхьэж хилъхьам елъытауэ ахэр ятыжащ. Хьэлэмэтращи, а Іуэхум нэмыщхэрэ Іейкіи-фыкІи хэІэбакъым.

Зэгуэрым бзэгу яхьащ, партым жьыджэру хэтэ, кьулыкъу зыІыгъа цІыху зыбжанэ кьуажэм кьыдэнауэ икІи абыхэм я спискэр комендатурэм Ігъэхьащ. Арщхьэкіэ жьыІэри полицайуэ ягъэувахэри зэхьихьэри ахэр кьрагъэлащ. Нэмыщхэм жраІащ кьулыкъущІэу щытахэр псори кьуажэм дэкІауэ хэти фронтым щыІэу, хэти партизанхэм яхьихьауэ. Адрей кьэнахэр лэжьакІуэжьхэу. Ар я фІэщ хуэащ икІи нэмыщхэр кьуажэм зэрыдэсэ лъэхъэнэм кьриубыдэу зы цІыхуи яуклакъым.

Кьэхъун хуит кьащІыжьын папщІэ зауэ щхьэхуэ екІуэлакъым. Ди дзэхэр гъунэгъу кьыщыхъум, фашистхэр езырезыру щІыпІым и 3-м и пщэдджыжьым дэкІыжащ. А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм дыдейхэр кьуажэм кьыдыхьэжащ.

Нэмыщхэр кьуажэм дахужа иужькІэ кьэхъундэсхэр аргуэру фронтым телажьэ хьуащ. Абыхэм даІыгъащ Тамбов колхозхэтхэм я жэрдэмыщ икІи «Нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм - ажал!» зыфІаща танк колоннэм мыльКушхуэ халъхьащ. Жьыджэру абыхэм заемым Іэ традзащ, фронтым щыгъын хуабэхэр, ерыскъыхэкІхэр ирагъэшащ. Псоми кьагурыІуэрт ахэр я текІуэныгъэм и хэлъхьэныгъэу зэрыщытыр, ди зауэлІхэм яІэрыхьэ дэтхэнэ зы дэІэпыкъуныгъэри бийм шэуэ зэрытехуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Александр Бурятием къикІа хьэщІэр и гъусэу. *1973 гъэ*

● Фэеплъ

ТекІушэ Александррэ щхьэгъусэ Іэминатрэ «Аврора» кхъухьым бгъэдэтщ. *1967 гъэ*

Лъэужь дахэ къэзыгъэна цІыху щыпкъэ ТекІушэ Александр

Мы дунейм къытехьэ дэтхэнэри хущІокъу и гъащІэр пщІэншэу зэримыгъэкІуэным. КъыптІэхъуэ щІэблэм лъэужьыфІ къаззэрыхуиГьэнэным. Апхуэдэхэм ящыщщ куэд къимыгъэщІами, куэд зыхуэзэфІэкІа ТекІушэ Александр. Зэманыр кІуатэми, а цІыху гъуэзэджэм и Іэужьыфіхэр, ар гурэ псэкІэ и лъэпкъым, и Хэкум яхуэлажьэу, и къалэнхэм яхуэпэжу зэрыщытар щэджэмдэсхэм ящыгъупщэркъым. Александр псэужамэ, мы гъэм и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.

Ар дунейм зэрехьжрэ илъэс 38-рэ хуэми, къуажэдэсхэм, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкІуэтахэм, Александр куэдрэ ягу къагъэкІыж, и Іэужьыфіхэр я щапхъэу я сабийхэр ягъасэ. Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм и мызакъуэу, зэрыщыту республикэми а лэжьакІуэшхуэм пщІэшхуэ щыхуащІу къекІуэкІащ.

ТекІушэ Александр и гъащІэ кІэщІыр триухуат Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм дэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным, колхозым и Іуэхуэхэр дзгъэкІыным. Щурэ - апхуэдэуэ абы псори зэреджэр.

ТЕКІУШЭ Александр Исуф и кьуэр Щэджэм щыналъэм хьихь Щэджэм ЕтІуанэ кьуажэм 1935 гъэм щІышылэм и 20-м къыщалъхуащ. А адэ Исуфрэ и анэ ФатІимэтрэ зэдапІа бынипллым я нэхъыжьыт Александр. И адэ Исуф щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъ щІыху Іущт. Хэку зауэшхуэм ипэкІэ егъэджакІуэу лэжьащ, Щхьэлыкъуэ кьуажэм дэт курыт школым и унафэщІуи щытащ. ИужькІэ Тэрч щІыналъэм щыІэ крахмал заводым и унафэщІу яГъэкІуэуэ Хэку зауэшхуэр кьэхъейри фронтым дэкІащ. ГурыІуэгъуэщ, Щурэ и сабиигъуэр зэман хьэлъэм зэрыхиубыдар, и адэр зауэм щыкІуэм щалэ цІыкІум и пщэ кьалэнышхуэ кьызэрыдэхуар. Я унагъуэм щхьэл цІыкІу яІэти, абыкІэ нартыху ихьжу и адэр зауэм кьикІыжьыкъу лэжьащ.

Дапхэудизу гугъу емыхьами, Щурэ еджэныр Іэщ1ыб зэи ищІакъым икІи курыт школыр 1953 гъэм екъуІэныгъэкІэ кьиухащ. Абы и ужькІэ занщІэу дзэм кьулыкъу щыщІэну дашащ икІи зэрысабийрэ и нэ кьызыхуикІ тенджьз флотым хьихьэри, абы илъэсиплІкІэ хэтащ. Курыт школыр кьэзыІуха щІалэщІэр хьи тетыным испыхьащ кьарууфІэу, сыт хуэдэ Іэнатіэми хуэІэрыхуэу, бэшэч. 1957 гъэм кьыгъэзэжри унагъуэ хуащ. И щхьэгъусэ Іэминатрэ абыхэ бынипл1 зэдагъуэтащ - щІалитІрэ хьиджбзитІрэ.

Александр дзэм кьызэрикІыжу колхозым хьихьати, сыт хуэдэ кьалэн кьыхуамыгъэувами ар фІы дыдэу игъэзащІэрт. 1957 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1961 гъэ пщІондэ ар щылэжьащ Щэджэм районым статистикэмкІэ и управленэм. Абы и гумызагъагъэм гу кьыпІатащ икІи, колхоз-совхозхэм я унафэщІхэр щагъэхьэщІэ еджапІэм я щІыналъэм щыщ ныбжьыщІэ ягъэкІуэну ЗэкІэмкІ кьущІыкъуэкІым, колхозым и парт организацэм Александр апхуэдэ пщІэ кьыхуищІащ. Абы Іэщ1агъэлІ нэс кьыхэкІыным мис ар яп1э лъэбакъэу хуэхъуауэ жьыпІэ хъунущ. А школыр кьэзыхахэр колхозхэм, совхозхэм я бригадир, звеньевой, фермэм и унафэщІ Іэнатіэхэм ягъэувну щыщытам, ТекІушэ Александр нэхъ кьулыкъу нэхьыщІ кьыхуагъэлъэгъуар. А еджапІэр «тху» защІэкІэ кьэзыуха Щурэ «Щэджэм» колхозым и парт бюром и секретару хахащ. Абы хэтхэр пщІэшхуэ зыхуащІ цІыхухэт: коммунист пашэхэрт, яп1э колхозым хьихьахэрт, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэрт, кІэщІу жьпІэмэ - псори Щурэ и адэм и ныбжьт. «Дыгъуасэ кьалъхуа щІалэжь цІыкІум дэ дедэІуэн хуейуэ ара» - жаІэу абы кьепэгэкІхэри кьахэкІат, ауэ щІалэщІэм и Іущагъыр, и мурадхэр ялъэІэсыным ерыщу зэрыхуащІэкъур кьалъагъури, нэхъыжьхэр зэрыщІуар кьагурыІуащ, я Іуэху еплъыкІэми зэуэ зрагъэхъуэжащ.

1964 гъэм и кІэм Хрущевым трагъэкІри, кьыкІэлъыкІуэ илъэсым ди кьэралым зэхъуэкІыныгъэшхуэхэм щыщІидзат. Псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ игъуэтат мэкъумэш Іэнатіэм - гъавэ, хадзэкІ, пхъэщхьэмыщхьэ нэхъыбэ кьехьэлІэным, Іэщ бжьгъэхэр гъэбзагъуэным щІыхуэхэр кьыхураджэрт, колхозхэм илъэситху планыр зрагъэзэащІэм кьэрал унафэщІхэр ткІийуэ кІэлъыплъырт. Абы кьыхэкІкІэ а лэжьыгъэшхуэм пэлъэщІыну агроном, инженер, зоотехник, экономист ныбжьыщІэхэр еджапІэ нэхъыщхьэхэм жьыдэру щагъэхьэзырырт. А зэманым ирихьэлІэу унафэ кьыдэкІат колхозым ар щызэхэт кьуажэм дэсхэр щылэжьэжьын хуейуэ. «Щэджэмым» и унафэщІыр нэгъуэщІ щІыпІэ щыщт, кьакІуэурэ лажьэу арати, и колхозым игъэзэжьын хуей хьуащ. А кьулыкъур хуит кьыщыхьым, колхозхэтхэмрэ райкомымрэ кьэдгъэсысакъым ар зыхуэбгъэфащэ хьунум. Щурэ и лэжьэкІэр, жэуапльныигъэшхуэ хэлъу и Іэнатіэм зэрыбгъэдэтыр кьуажэдэсхэми райониым и унафэщІхэми ящІэрти, ар кьаГъэлъэгъуащ икІи Іэ1эткІэ псори арэзыеу колхозым и унафэщІу хахащ.

(Сэмэгумкіэ кьыщыщІдзауэ) **ТекІушэхэ Хьэсэнбий, Александр, Феликс, Юрий сымэ**. *1955 гъэ*

ЦІЫХУХЭР зэзэгъэдэІуэф, пщІэшхуэ зыхуащІ лэжьакІуэ жьыджэрыр, и ныбжьыр илъэс 30 фІэкІа мыхъуауэ, «Щэджэм» колхозым и унафэщІу 1965 гъэм яГъэувауэ щытащ. Апхуэдизкъым ар щІэныгъэкІэ. А зэманым а кьулыкъум икъукІэ мыхьэнэшхуэ иратырт, ар Щурэ фІыуэ кьыгурыІуэрти, и щхьэ, и унагъуэ Іэзхуэхэм яп1э иригъэщырт колхозым щІэ кьалэнхэр.

Апхуэдизкьалэн зи пщэ кьыдэхуэ Александр и щІыбагъ унагъуэ дахэ кьыдэтт. И щхьэгъусэ Цей Іэминат кьыгурыІуэрт и щхьэгъусэм и пщэ кьалэнышхуэ зэрыдэпльыр, ар жэщи махуи губгъуэм имыту зэрымыхьунур икІи унагъуэ Іэхуэхэри, сабий пІынри зи пщэ кьыдэхуэ цІыхубзыр зэи тхьэусыхакъым. А тІум пщІэрэ нэмысрэ зэхуащІу дахэу зэдзэпсэуащ, псалъэмакъ е мыарэзыныгъэ гуэр я кум дэлъауэ зыми ильэгъуакъым.

ТекІушэм механизаторхэр кьыхуриджэрт мэкъумэш техникэр кьарууэ иІэмкІэ кьагъэсэбэлыну, лэжьэгъуэ зэманым щыщ пщІэншэу ямыгъэкІуэдыну, ар екъуІэныгъэхэм я хэкІыпІэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр кьагуригъаІуэу. ИтІанэ абы мыпхуэдэ Іуэхуэфіи кьыхьилъхьат, механизаторхэр я лэжьыгъэм нэхъ тегушхуэн, нэхъ егупчын папщІэ - махуэ псом абыхэм яхуэщІар зыхуэдизыр пщыхьэщхьэ къэс кьабжьыкъыри, текІуар яГъэпІэрт, а зэманым кьэпщэкуну умыгъуэт автомашинэхэр заводым кьыдэрыщІигъэкІ уасэ дыдэмкІэ кьратырт. КьищынэмыщІауэ, гъавэ Іухьыжгъуэм деж механизатор пашэхэм я улахуэм процент 60-кІэ яхухигъахъуэрт.

Гульытэ хэха иГуэтырт мэкъумэшыр псынщІэу, кІэрыху имыІэу зэщІэкъуэжьным, щІымахуэм Іэщ1ыр пэрыхьэту зрикъун мэкъумыпІэ гъэтІылъыным икІи а лэжьыгъэми ерыщу иужь итт. Гъавэр кьрахьэум ещэным теухуа планри щІигъуу яГъэзащІэрт. «Щэджэм» колхозыр нартыху гъэкІынымкІэ цІэрыІуэу зэрыщытар ди тхыдэм кьыхоущьж. Псоми яГъэщІагъуэу абы колхозыр илъэси 2 - 3-м зэуэ кьиІэтат, щІынальэм и мызакъуэу, республикэми я яп1э ирихьэр кьыщахьу, нэхъ кьулейхэм хабжэу, зэІущІэхэм щапхъэу кьыщагъэтылъагъуэу, республикэм кьыщыщдэкІ газетхэм я яп1э напэкІуэцІхэм кьытрадзэу.

ИтІани, апхуэдэ екъуІэныгъэфІхэр кьэзыгъэлъагъуэ щІалэм и гур загъэрэкъым, хуэзэфІэкІам арэзы текъуэжу тІысыжьыркъым. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтмэ, нэхъыбэж зэрыхуэзэфІэкІынум теухуа гупсысэм трегъэгушхуэри, Осетие Ищхъэрэм щыІэ мэкъумэш институтым и агроном факультетым щІоТІысхьэри, ари кьеух ТекІушэм.

Шурэ и хьэлэлагъым, и цІыхуфІагъым теухуа хьыбар гъэщІагъуэнхэр кьыдэнащ Щэджэм кьуажэм. Абыхэм ящыщщ мыри. Хамэ кьуажэ кьикІа зы лІыжь гуэр колхозым къедыгъуэну кьэкІуат. И шыгум изу нартыхур ирилъхьауэ кьыздэкІуэжьым, кьуэм дэхуащ. Абы кьэпхэр кьыдилъэфыжу Шурэ ирихьэлІащ. Мо хьэлъэ еІэ лІыжьыр фІэгуэныхь хьури, дзэпыкъуурэ кьэпхэр кьуэм кьыхудихьэри, щиуТІыпщыжьм жриІащ: «Дяпэкіэ удыгъуэну укъыщыкІуэкІэ, ди адэ, уи шыгум апхуэдизи иумылъхьэ, иджыри ущхьэпридзынщ». ЛІыжьыр ежьэжри тІэкІу фІэкІа имыкІууэу зыгуэрым хуэзати, абы еупщІащ: «Уа мо лІы гуапэ кьыздэІэпыкъуар хэт?» - жери.

Ар ди колхоз унафэщІращ, - жэуап куриратащ.

Шэч хэмылъу, а дадэр ириукІытэжат кьыщыщІам, колхоз тхьэмадэм кьыжриІа псалъэхэм щІэлъ щІагъыбзэри зэхищІыкІат. А гъэ дыдэм, Александр дунейм ехыжауэ, а лІыжьым и нэпсхэр щІилъэщІыкІыу дыуэщІым дыхьэу яльэгъуащ.

ТекІушэм дэлажьэу, зыщІыхуу щытахэм сащепсэлъыпІэм кьыхагъэщащ: ар унафэщІ гуэрэдж, цІыху пэжу дунейм зэрытетар, жеину е зигъэпсэхуну зэман дэнэ кьрихрэ жаІэу яГъэщІагъуэу зэрыщытар. Ар нэхущым фермэм нэсырти, жэмышхэм, Іэщ1ыхъуэхэм я Іуэху зыІутыр зригъащІэрт, гуБгъуэм ит вакІуэхэм я дежи кІуэрти, я лэжьэкІэм кІэлъыплъырт, ныкъуСаныгъэ гуэр кьыкъуэкІмэ, ар икІэщІыпІэкІэ игъэзэкІуэжьырт. А зэманым щыІа мардэхэм ефІэкІыу зэпэщ ищІат Іэщхэр зыщІэт бохэр, джэдэщхэми оборудованэщІхэр щІэтт. А псом я фІыгъэкІэ гъэшІмкІи, лыхэкІхэми, джэдыкІэхэми я планыр щІрагъэгъуу лэжьыгъэр кьрахьэлІэрт, колхозхэтхэм я улахуэм гъэ къэс хэхъуэрт.

Езы шэджэмдэсхэми я псэукІэр ефІакІуэрт. Александр хьихьэхэкІ зиІэ, пщІэшхуэ зыхуащІ цІыхут, и хьэтыр сыт хуэдэ Іуэхущ1апІэми кьыщалъагъурт. Ди республикэм а зэманым газыр здынэсауэ щыІэр кьуажэ закъуэтІакъуэт. АтІэми, 1973 гъэм Щэджэм кьуажэм газыр нэсат яп1э дыдэу Шурэ и фІыщІэкІэ. Пхуэмыдуэтэнщ жьлэдэсхэр абы зэрыщыгуфІыкІар.

Апхуэдэуи кьыхэзгъэщыну сыхуейт ар я унагъуэ Іуэхуэхэр зэфІыхьэнымкІи колхозхэтхэм ядэІэпыкъуэу зэрыщытар. «Сэ ар щІапІэ кьыдэсхьэнымкІэ сэбэп кьыхсхуэхъуат», «Сэ унагъуэу сызыгъэтІысыжар аращ», - кьыджезыІаехми дарихьэлІащ.

ТЕКІУШЭ Александр жылагъуэ лэжьыгъэхэми жьыдэру хэтащ - КПСС-м и Щэджэм райкомым и чэнджэщхэр щыпхыкІыу абы и Іуэхуэхэм хэлэжьыхьу щытащ, район Советым и депутатуи хахащ. И лэжьыгъэфІым папщІэ ТекІушэм мызэ-мытІоу кьэрал гулъытэ кьыхуащІащ. Абы Гуащ1эдэкІым и Бэракъ Плъыжь орденымрэ медаль-зыбжанэрэ, КъБР-м и Правительствэм и Щ1ыхь тхьилъ, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуагъэфэщащ.

ТекІушэм кьиГъэлъагъуэ екъуІэныгъэхэм псори щІагъуэазэт, а лэжьакІуэшхуэр апхуэдизкІэ щІэрыІуэти, и ныбжьэгъу пэж, Щэджэм райкомым и яп1э секретару щыта, иужькІэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ1 хъуа Чабдаров Борис ихьилъхьат Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь цІэр Александр хуагъэфэщэну. Арщхьэкіэ Къэбэрдей-Балъкъар обкомым и Яп1э секретарь Мэлбэхэуэ Тимборэ идауэ щытакъым: «Пэжщ, ТекІушэр лэжьакІуэшхуэщ икІи хуэфащэщ а цІэр. Ауэ, ар иджыри щІалэщ, и зэфІэкІ куэд дяпэкІи тІъагъунущ, тыгъэ лъапІэхэри кьихьыну зэман иІэщ», - жери.

СыткІи кьилэжьыр абы а цІэ лъапІэр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зыщыгуГъа зэманыр яхурикъуакъым. А илъэс дыдэм, 1977 гъэм фокІадэм и 15-м, и ныбжьыр илъэс 42-рэ фІэкІа мыхъуауэ, Александр зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ.

Абы кьыдэлэжьахэм ягу кьызэрагъэкІыжьымкІэ, колхозхэтхэм я дежкІэ хэщІыныгъэшхуэт ар. Жэщи махуи кьакэту, щыхуейм деж зи чэнджэщ ягъуэту еса, сымаджэу зи зэхамыха я унафэщІыр зэшэзэпІэу кьытехуэу щІилАм, ар я фІэщ яхуэщІыртэкъым. ЗэрыжаІэжьмкІэ, абы дохутырхэм захуигъазэу и узынщагъэм кІэлъиГъэплъыну апхуэдэ Іэмал зритыжьыртэкъым, и щхьэ щхьэкІэ зэман игъэкІуэдынутэкъым. ИкІи аращ и чэзум кьамыхута фошыгъу узым и гъащІэр щІихьар.

Шурэ кьыщІэна и бынхэр псори школакІуэт - нэхъыжьым ебгъуанэ классыр кьиуха кьудейт, нэхъыщІам илъэсипщІ и ныбжьу арат.

«Ди анэр кьытщхьэщытащ, ди адэм и псалъэхэр, и гупсысэхэр сыт щыгъуи щапхъэу кьытхуихьу, ахэр ди гъуазэу дыкъэкІуэкІащ», - ягу кьагъэкІыж абы и бынхэм.

Іэминат и щхьэгъусэр щимыІэжым, дауи, и кьалэныр нэхъ гугъуж хъуащ икІи, ибг щІикъузэри, Налшык Іэфыкі1э щащІу дэт фабрикэм уври лэжьащ, сабийхэри зыми иримыгъэхъуапсэу, гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу кьиГъэтэджащ. Абыхэм псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэщащ, дэтхэнэри гъащІэм хъарзынэу хэзэгъащ.

Я щІалэ нэхъыжь Артур КъБР-м и Парламентым и Администрацэм и Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ лэжьащ, иджы Налшык дэт Кьэрал концерт гъэлъэгъуапІэм и унафэщІщ. Абы кьыкІэлъыкІуэр Неллэщ - дохутыр Іэзэщ, Мэзкуу щолажьэ. Я кьуэ курыт Альберт агрономщ - «Щэджэм» колхозым и унафэщІым и кьуэдзэу лэжьащ, хозяйствэр щылъэлъэжам хьэрычэт Іуэхум зриташ, яп1эу нэхъыщІэ Оксанэ Щэджэм щІиналъэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ Іуэхуэмкіэ и кьуэдзэщ. Адэ-анэхэм я дежкІэ лъапІэныгъэ нэхъыщхьэращи, я бынхэр псори гъуэгу пэж тетщ, цІыхухэм фІыуэ кьалъагъуу, пщІэ кьыхуащІу кьокІуэкІ.

ЦІЫХУБЭМ гукІи псэкІи яхуэлажьэу, хабзэ, нэмыс хэлъу и гъащІэр ирихьэкІащ ТекІушэ Александр. Ар ящыгъупщакъым зыхуэпэжу щытахэм - Александр щыпсэуа узрамым, колхозхэтхэм я лъэІукІэ, 2008 гъэм фІащыжьащ я колхоз тхьэмадэ щыпхъэм и цІэр.

Мис апхуэдэ лэжьыгъэ купщІафэхэр, лъэужь дахэхэр кьигъэнащ ТекІушэ Александр. А цІыху щджащэм, гу щабэм, лэжьакІуэшхуэм и цІэр иджыри щэджэмдэсхэми абыхэм я щІэблэми зэи ящыгъупщэнкъым.

УЭЗРОКЪУЭ Маринэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Кавказ эскадрон ныкъуэм хэт адыгэ зауэлІхэр.
Сурэтыр зыщІар haІуэхъым. Берлин, 1838 гъэ

Урысейм зэрызиужьыр къагъэлъагъуэ

● Щ1э

«Новости России» жылагъуэхъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэм, дунейпсо центр хэхам, «Экономическая политика России» журналым и редакцэм зэгъусэу трахыну загъэхьэзыр «Россия - великая держава!» документальнэ фильмыр.

ФИЛЬМЫР теухуауэ щытынущ федеральнэ, щІыналъэ, муниципальнэ властхэм я органхэм щІыпІэхэм щызэфІагъэкІа социально-экономикэ, инвестицэ зыужьынныгъэхэм, къалэм и хуэныгъэхэм, промышленностым, АПК-м, ЖКХ-м, транспорт инфраструктурэр къызэрагъэщІэрэщІэжам, цІыхухэр Іэнатіэкіэ, лэжьыгъэкІэ къызэрызэгъэпэщам, сату шынагъэуншагъэ Іуэхуэхэр зэрагъэбдам, щІыуэпс, щэнхабзэ, спорт, щІэныгъэ-егъэджэныгъэ Іуэхуэхэм, информатизацэмрэ связымрэ я Іуэхутхьэбзэхэм зэрыхагъэхъуам, Урысейм и цІыхухэм хуащІэ медицинэ хуэІуэхущІэхэм.

Іуэхур къыхэзылъхьахэм я мурадщ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм зегъэужьыным екъэІа Іуэхугъуэ нэхъыфІхэр щапхъэу ягъэльэгъуэну, къэрал Іуэхущ1апІэхэр, жылагъуэр Урысейм и зыужьыныгъэм егугъун папщІэ. Абыхэм нэхъ зыубгъуауэ зыщІыхэвгъэгъуазэ хъунущ www.kremlinrus.ru. сайтым.

КъБР-м Печатымрэ хъыбарегъащІэ ІуэхущІапІэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Егъэджэныгъэ

«МэзылI цIыкIум» и бжэхэр зэIуех

Майскэ къалэм дэт курыт школ №2-м гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къыщыхъуIахащ «Мэзылl цIыкIу» («Лесовичок») сабий гъэсапIэр. АбыкIэ хъыбар къыдигъэщIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Ныбжьэ Таисэ.

ПЭЩIЭДЗЭ школу ягъэм щыта унэр мазитlрэ ныкъуэкlэ зэрагъэпэщыжащ, зэхъуэкlынигъэшхуэхэри игъуэтащ. Абы хащIыхьащ ерыскъыхэкlхэр щIыззрахь пэшхэр, котельнэ. Абыхэм иджырей Iэмэпсымэфlхэр щIагъэувэжащ. А лэжьыгъэхэм текIуэдащ федеральнэ мылъкум къыхэкIа ахъшэу сом мелуан 16-рэ мин 311-рэ, республикэ бюджетым щыщу зы мелуанрэ мин 807-рэ, муниципальнэ ахъшэу сом мин 263-рэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмкlэ и министр Емуз Нинэ фIыщIэ яхуищIащ гъэсапIэр зэгъэпэщыжыным зи гуащIэ хэзылъхьа дэтхэнэ зыми икIи абы щыIэжьну псоми ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуащ.

А махуэм министрыр Октябрьскэ къуажэм щыIащ. Абы щыгъуазэ зищIащ ягъэм школ-интернату щыта унэм щIыху 75-рэ зыщIахуэн сабий гъэсапIэм хузэгъэпэщыжыным епха лэжьыгъэхэр зэрызэфIахым.

НыбжьыщIэхэм куэд яхузэфIокI

2014 - 2015 гъэ еджэгъуэм екIуэкIа Урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ зэпеуэхэр ихуащ. Абы и пэкlэ школхэм, муниципальнэ районхэм я зэфIэкI щеплъыжащ ныбжьыщIэхэр.

ШКОЛ зэхьэзэхуэхэм республикэм и еджапIэхэм я 5 - 11-нэ классхэм щIэс сабий 24325-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 20565-м текIуэныгъэхэр къахьащ.

ЩIыналъэхэм щекIуэкIа зэпеуэхэм 7 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэ 8273-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 889-р текIуэуэ къалъытащ, 2179-рэ къыхэжанакIащ.

Олимпиадэм и щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм 9 - 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэ 697-рэ щыззпеуащ. Зэхьэзэхуэхэм 889-р щытекIуащ, 2179-м етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр щаубыдащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэ

● ЕхъулIэныгъэ

Джэдгъэфым и гупыр

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэмрэ Стратегие зэрэдамэхэмкlэ и агентствэмрэ я нэIэм щIэту Москва и «Крокус Экспо» Дунейпсо гъэлъэгъэныгъэ центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ «РобоФест» VII Урысейпсо робототехникэ фестивалыр. Абы жыджэру хэтахэм, зэфIэкI ин зыгъэлъагъуэу ехъулIэныгъэ лъагэ къыщызыхьахэм ящыщщ Налшык дзт гимназие №4-м и «СТИНКС» гупыр – Христофоров Тимур, Токъан Исльам, Кутузов Станислав сымэ.

ДИ ХЭКУМ и щIыналъэ 52-м щыщ къали 117-м, кIинэмыщIауэ Белоруссием, Къззахъстаным, Румынием къикIа ныбжьыщIэ 3000-м нэс хэтащ фестивалым. Зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ унэтIныгъэ 16-кIэ.

«СТИНКС» гупым хэт щIалэхэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ «АНДРОИД РОБОТХЭР», «VEX (Vex Robotics Competition)» унэтIныгъэхэм. Къэралпсо зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэхэр хуигъэхьэзыращ гимназием и унафэщIым щIэныгъэ-методикэ пэжьыгъэмкlэ и къуэдзэ, гупым и пашэ Джэдгъэф Зулие. Абы зэрыжиIэмкlэ, «СТИНКС»-р зыхэта «VEX (Vex Robotics Competition)» зэпеуэм хуэдэ иджы япэ дыдэу екIуэкIыу аращ. Абы щхьэкlэ къэмынэу, Тимур, Исльам, Станислав сымэ а зэхьэзэхуэм жьыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ.

- Зэпеуэхэр гъэщIэгъуэну, купщIафIэу къыззрагъэпэщат. Аэрэ зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну гукъыдэж зиIэхэм папщIэ, интерактивнэ ут щIыкIухэр, Iуэху зекъокlэхэмкlэ щыхэдзгъуашэ щыпIэхэри щыIэт, - жеIэ Зулие. - Зэхьэзэхуэхэм къыркIуэхэр къащIытэжа нэужь, напIуэ къэхъуащ зыхэта унэтIныныгъэ ди щIалэхэм ещанэ увыпIэр къыззрыщыхуагъэфэщар. НыбжьыщIэхэм я псэр зыуэзщIа, куэдрэ ящымыгъупщжьын гурыщIэхэр къезыта гуфIэгъуэт ар псом ди дежкIи.

Къэкlуэнур зейуэ куэдым ялъытэ робототехникэм дихьэх, «СТИНКС»-м хэт щIалэхэми, абыхэм я унафэщI lэкIуэлъакIуэми, ахэр зыщыщ еджапIэ пэрытми дохъуэхъу урысейпсо утыкум щызыIэрагъэхьа екъулIэныгъэшхуэр текIуэныгъэщIэм я щIадзапIэу, мурадыщIэхэм, лъагапIэщIэхэм хуэзышэ Iуэхугъуэу хъахущIэкIыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Налшык къалэм и школ №6-м и еджакIуэхэм уэрэд жаIэ.

Шэху уэздыгъэхэр пагъанэ

● Фестивалхэр

Абдуллаев Мустэфа къопсалъэ.

Налшык къалэм и курыт школ №21-м къыщыхъуIахащ «Споёмте, друзья!» фестиваль-зэпеуэр. Абы хэтщ Налшык къалэм и гимназиехэмрэ курыт школхэмрэ.

ФЕСТИВАЛЬ-ЗЭПЕУЭР къыхэзылъхьахэм я мурадщ хэкур фIыуэ яIэгъуным теухуауэ курыт школхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэну, гъащIэм и лъапIэныгъэхэм гулъытэ хурагъэщIыну, зауэм, дзэ къулыкъым, лъахэм ятеухуа уэрэдхэр ныбжьыщIэхэм ирагъэщIэну, 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ Иныр къыззрыщIащхьрэ илъэс 70 зэрырикъур гъэлъапIэным екъулIауэ республикэм щрагъэкIуэкI зэхьэхьэхэм щIалэгъуалэр къыхашэну.

Зауэм, Лэжьыгъэм, Iэщджащ, теплъэгъуэ кIэщIхэр ягъэлъэгъуащ, хэкIуэдахэм я фэеплъу шэху уэздыгъэхэр пагъэнащ. КъыхэгъэщIыпхъэщ еджакIуэхэм егупгуу Iуэхум зэрызыхуагъэхьэзырар, уеблэмэ сэлэт фащэхэр зэрызыщатIэгъар.

Фестивалым зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм я лэжьыгъэр къэзыпщытэну гупым хэтщ Абдуллаев Мустэфа, сабий творчествэмкlэ «Эрудит» Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Бейтыгъуэн Дианэ, Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкlэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Сотниковэ Маринэ, Гъуэзджэхэмкlэ сабий школ №91-м и унафэщIым и къуэдзэ Шэвлокъуэ Маринэ, егъэджакIуэхэу Бицу Еленэ, Хъуромэ Маринэ, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм пашэ щыхъуну гупым егъэджэныгъэмкlэ департаментым и ЩIыхь тхылърэ къалэ администрацэм и саугъэт лъапIэхэмрэ иратынущ. Фестиваль-зэпеуэр къыззыгъэпэщахэм хуитыныгъэ яIэщ унэтIныныгъэ щхьэхуэхэр къагъэлъагъуэу гупхэм саугъэтэхр хуагъэфэщэну.

Зэрафбзыхуам тету, фестиваль-зэпеуэм щыпащэнущ Налшык къалэм и курыт школ №32-м.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Налшык къалэм и школ №7-м щеджэхэм зыкъагъэлъагъуэ.

Гу-лъынтхуэ узыфэхэм защыфхъумэ

● Узыншагъэ

2015 гъэр гу-лъынтхуэ узыфэхэм япэщIэтыным и илъэсу ягъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм а узыфэхэм епха лекцэхэр къыззрегъэпэщ. Апхуэдэ зи чэзу зэхьэхьэр иджыблагъэ щекIуэкIащ Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м. Лекцэ къеджащ Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэмкlэ и центрым кардиологие, рентген-хирургие Iэмалхэмкlэ узым щеIэзэ и къудамэхэм я унафэщIхэу Табаксоевэ Жамилэрэ Акъбащ Марьянэрэ.

АБЫХЭМ зэрыжаIамкIэ, инфаркт зиIахэм и чэзум тэмэму зэрадэIэпыкъум, я хущхъуэгъуэр къыззрагъуэтым я фыгъэкIэ, а узым илыкIхэм я бжыгъэр проценти 5 - 6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Сымаджэщым щIэкIыжа нэужьи абыхэм зэракIэлъыплъым мыхьэнэщхуэ иIэщ узым етIуанэу къытримыгъэзэжьынкIэ. Ар зэпыльтыкIэр поликлиникэхэм, амбулаторэхэм щылажьэ дохутырхэм я Iэзагъэмрэ яхэлъ жэуаплиныгъэмрэщ.

Инсульт, инфаркт зиIар сымаджэщым къызэрыщIатхыкIыжу, щыпсэу щIыпIэм епха поликлиникэм хъыбар яригъэщIэн жьгъ и Iуэху зыутымкIэ. Адэкlэ IэщIагъэлIхэм абы и щытыкIэр я нэIэм щIагъэтпхъэщ. Апхуэдэ узыфэ зиIэхэм псэухукIэ хущхъуэ зрахьэлIэн хуэйщ, сымаджэм ар тэмэму имыгъэзащIэмэ, зы мазэ нэхьыбэ дэмыкIыу узыфэм нэхъ хьэлъэу къытрегъэзэж.

Сымаджэщым къыщыщIэкIыжкIэ инсульт, инфаркт зиIахэм къыжраIэ адэкlэ зэрызыкIэлъыплъыжьын хуей щыкIэр. Ямазищым сымаджэм мазэ къэс участковэ терапевтыр зригъэплъын хуейщ. Адэкlэ илъэскIэ мазищым зэ, итIанэ псэухукIэ мазих къэс дохутырым и деж и узыншагъэр къыщипщытапхъэщ. Дохутырым щыкIэну чэзур къэмысу и гум зыкъригъащIэмэ, зэман диныгъэкIыу IэщIагъэлIым зыхуигъэзэн хуейщ.

Лекцэ къеджахэм къыхагъащIащ гулъынтхуэ узыфэхэр нэхъыбэу тутыным къызэригъэхьэйр. Апхуэдэу цIыхур пшэрмэ, и Iэпкълъэпкъыр тэмэму зэщIэмыкIмэ, инсульт, инфаркт иIэнкIэ шынагъуэ щыIэщ.

щхьэщэмыщI Изэ.

ПщIэншэу томографие ирагъэщI

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, 2015 гъэм амбулаторэм зи узыншагъэм щыкIэлъыэзыгъэплъ сымаджэ 10.000-м Iэмал зимыIэ медицинэ страховании щIыналъэ къудамэм и мылъкукIэ пщIэншэу магнитно-резонансно, компьютер томографиехэр хуащIынущ.

ПРОГРАММЭМ хохьэ къалэм щыIэ, республикэм и район сымаджэщхэм епха поликлиникэхэр. ПщIэншэу томографие зыхуащIынухэр дохутыр зыбжанэ зыхэт къэпщытакIуэ гупым ыкъхахынущ. Ямэ гъэщIынущ лыших узыфэ зыпкъырт сымаджэхэр.

- Иджырей медицинэ Iэмэпсымэхэр хэмыту узыфэр зыхуэдэр тэмэму къэпхутэныр гугъуэ, - жиIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэныкIэ министр Шэт Ирмэ. - Нэгъабэ компьютер томографхэр яIэ хъуащ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м, Прохладнэ район сымаджэщым, мы зэманым Жьэн узыфэм щеIэзэ диспансерым а Iэмэпсымэр щагъэувэ. Республикэ клиникэ сымаджэщым 2013 гъэм МРТ кIыIэрыхьащ. Мы илъэсым компьютер томограф щагъэувынущ республикэм и сабий клиникэ сымаджэщми. Зи гугъу тщIа медицинэ Iуэхущ1апIэхэм щIэлъ сымаджэ псоми я узыншагъэр пщIэншэу къапщытэ. Къапщтэмэ, 2014 гъэм Республикэ клиникэ сымаджэщымрэ Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-мрэ цIыху миниплъ 5-м нэблагъэм пщIэншэу томографие щыхуащIащ. Иджы апхуэдэ Iэмал яIэщ поликлиникэхэм зи узыншагъэм щыкIэлъыэзыгъэплъэмкIи. «2020 гъэм нэс КъБР-м узыншагъэр хъумэным и Iэнатlэм зегъэужьын» къэрал программэм я Iуэхур къыщыгъэлъагъуащ, сымаджэхэр зыхуэныкъуэ, ауэ ахъшэшхуэ зытекIуэдэну къэпщытэныгъэхэр Iэмал зимыIэ медицинэ страховании къэпщытэныгъэхэр фондым и мылъкукIэ едгъэщIынущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Псыгуэнсу фрагъэблагъэ

Профессор Жэрыкъуэм и цIэкIэ

1998 - 2000, 2001 - 2004 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм алыдж-урыбым бэнэкIэмкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ Псыгуэнсу къуажэм дэт спорт комплексым щекIуэкIынущ мазаем и 28 - гъатхэпэм и 1-хэм. Ар къызэрагъэпэщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-мрэ УФ-мрэ щIэныгъэмкlэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Хьэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректору щыта Жэрыкъуэ Борис и фэеплъу.

Зэхьэзэхуэр мазаем и 28-м сыхьэти 10-м къызэIуахынущ.

● ХъыбарегъащIэ

Зэпеуэм фыкъыхыхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и логотип къызэгъэпэщынымкIэ зэпеуэ къыхелъхьэ.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и лэжьыгъэм гулъытэ хурагъэщIыну зэпеуэм ирагъэблагъэ еджакIуэхэр, студентхэр, творческэ гупхэр.

Логотипыр КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и дамыгъэ ящIыну икIи я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыну я мурадщ.

Зэпеуэм хыхьэну гупыж зыщIэхэм лъэIу тхылъ ягъэхьын, логотипыр электроннэ Iэмалым тету ягъэхьэзырын хуейщ. Логотипым ухэзыгъэгъэзэ презентаци абы щIагъэжьын хуейщ. Ар КъБР-м и лъэпкъ ныпым и лъыфэм ещхьу е зы пльыфэ иIэу ящI хъунущ.

Лэжьыгъэхэм я фIагъыр къалъытэнущ икIи нэхъыфIыр къыхахынущ зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм. Зэрафбзыхуам тету, абы къыщагъэлъэгъуэн хуейщ министерствэм и лэжьыгъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэupIэхэр, цIыхухэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэхэр. Апхуэдэу къалъытэнущ лэжьыгъэр зэрагъэзэщIам и фIагъыр, абы къыригъащIэр зыхуэдизыр. Зэхьэзэхуэм зыкъэжаныкIахэмэ абы хэтахэмэ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратынущ. Зэпеуэм пашэ щыхъуахэр 2015 гъэм гъатхэпэм и 10-м ягъэлъапIэнущ.

Зэпеуэм хагъэхьэну лэжьыгъэхэр 2015 гъэм мазаем и 25-м фIэмыкIыу мы хэщIапIэм евгъэхь хьунущ: a.zhinov@mkitkbr.com, pressa@mkitkbr.com. Зэпеуэр къызэзыгъэпэща комитетым и хъыбарегъащIэ хэщIапIэр: http://-pravitelstvo.kbr.ru/oigv/minturizm. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ мы телефонымкIэ (8662) 72-07-14.

Гу зылъытапхъэ: зэпеуэм хэтынухэм КъБР-м и Правительствэм и порталым (КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и Iыхьэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и хъыбарегъащIэм) Iуэхум зыщыхэвгъэгъуаэз хъунущ.

ПОГРЕБНЯК Ольгэ.

ЕтIуанэми къыщыхагъащIэ

● Футбол

Абрау-Дюрсо щIыпIэм ещанэ зыгъэсэгъуэ лъэхъэнэр къыщезыхьэлIэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм етIуанэ зэныбжьагъуэгъэ зэIуущIэр щэбэт кIуэм ирагъакIуэкIащ. Абыи ди щIалэхэр къыщыхагъэщIащ.

ТОПДЖЭГУР зи IэщIагъэу щымыт щIалэхэр зыхэт «Анапа» къалэ футбол командэр тхьэмахуэ ипэкIэ 2:1-уэ къызэрытекIуам налшыкдзэсхэр игъэгубжьу я зэфIэкI псори иджы утыку кърахьэн ди гугъат. Арцхьэкlэ апхуэдэ Iэмал Новороссийск и «Черноморец»-м каратакъым. Фигу къэдгъэкIыжьинщи, «Спартак-Налшыкым» мазаем и 21-м хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуар Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм и ятIэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъхэрт.

Абрау-Дюрсо щIыпIэр Новороссийск къалэм пэжьжьэхьэм икIи абы къыхэкIыу «Черноморец»-р хэгъэрейуэ щытауэ жьIэн хуейщ. ЯтIэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ абыхэм лъэщу ебгъэрыкIуэу ирагъэжьащ икIи джэгум и етIощIанэ дакъикъэм ди щIалэхэр абыхэм пэмыльэщыжу я гъэм пэмыжьхьэу футбол хабзэр къызэпаудащ. Пенальтир Iэзэу игъэзэщIащ зэгуэрым «Спартак-Налшыкым» и щIыхьыр зыхъуна Кочубей Кирилл.

ТекIуэныгъэр зыIэригъэхьэн папщIэ а зы топ закъуэр «Черноморец»-м хурикъащ. Пэжщ, ди щIалэхэм Iэмал яIащ бжьыгъэр зэхуэдэ ящIыжыну, арцхьэкIэ Гуэщокъуэ Арсен и закъуэу гъуэм бгъэдыхьа щхьэкIэ, къыпежьжьа гъуащхьэтетым ебзэджэкIыфакъым икIи топыр штангэм техуащ. Каркаев Алими къыхэжаныкIыфыну щытащ.

«Спартак-Налшыкми» «Черноморец»-ми я тренерхэм футболист куэд зэIуущIэм щахъуэжащ икIи дэтхэнэми и зэфIэкIыр здынэсым кIэлъыплъыну Iэмал ягъуэтащ. Налшыкдзэсхэм яхэту а махуэм джэгуащ Городовой, КIыщыр, Мэкъуауэр, Васильевыр, Дашаевыр, Лелюкаевыр, ДыщэкIыр, Гъурфыр, Крыжевских, Ахриевыр, Гугуевыр, Бажэр, Огурцовыр, Каркаевыр, Гуэщокъуэр, нэгъуэщIхэри.

Ди командэм къыхагъэхьащ футболистиплI. ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужь увыпIэкIэм ящыщ зыр щызыIыгъ «Краснодар-2»-м Крыжевских Павелрэ Огурцов Николайрэ мыгъэрей зэхьэзэхуэр зэфIэкIыхукIэ бэджэнду къариташ. ФIэщщIыгъуейщ ахэр зыгуэркIэ сэфэн къытхуэхуфыну, краснодардэхэм яхэту закъуэтIакъуэрэ фIэкIа нэгъабэ зэрымыджэгуар къэпльытэмэ. Нэзрэн и «Ангушт»-м къыхашащ гъуащхьауэ Дашаев Аслъэн. ЗыщыгуфIыкIныну яхэтыр Дон Iус Ростов кърашыжа гъуащхьэтет Уэрсей Артём и закъуэщ. Ар 1993 гъэм Тэрч къалэм къыщалъхуащ, «Ростов» футбол клубым и щIалэгъуалэ гупым иджыри къэс хэтащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыдзкъ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хущIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэху жъуаи ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущхъуэм и 14-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Элэ, редактору Жьэкlэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1, 4-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, суэрэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 21-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №305